*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ РЕСПУБЛИКОН АДÆМОН ГАЗЕТ
РЕСПУБЛИКАНСКАЯ НАРОДНАЯ ГАЗЕТА СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

# РÆСТДЗИНАД

№ 243 (24525)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы
Издается с 14 марта 1923 года

Аргъ 10 сомы

2017 азы 29 декабрь — цыппурсы мæйы 29 бон, майрæмбон

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АКЦИ
*Туг радтой*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*"Автодор" — Ирыстоны зымæгон чемпион*

**Аудындзинад**

## Лæвæрттæ — Тускъаты Таймуразæй

Знон Алайнаг гимназы, Ног азы бæрæгбоны кадæн цы рæсугъд хъуыддаг конд æрцыдис, уырдæм сывæллæттæ æмæ ахуыргæнджытæн арфætæ ракæнынмæ æрбацыдысты Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз æмæ ахуырад æмæ наукæйы министр Иринæ АЗИМОВА.

Сывæллæттæн сæ бæрæгбон уыдис аив фæлгонцгонд парахат уаты, астæуæй дзы цæхæртæкалгæ лæууыдис назбæлас, уæдæ национ бакастимæ декорацитæ дæр уыдысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Ацы ног ахуыргæнæндоны программæ æххæстгонд цæуы мадæлон æвзагыл. Тускъаты Таймураз дæр фыццагкъласонтæн æмæ ахуыргæнджытæн йæ арфæйы ныхæстæ загъта ирон æвзагыл. Республикæйы Сæргълæууæг



"Алайнаг гимназ у республикæйы ахуырады ног фæрнæйдзаг къахдзæф æмæ зæрдæ дарæм, ардыгæй хорз ахуыргонд, хæрзæгъдау адæймæгтæ кæй рацæудзæн, уыдон ирон ныхас æмæ культурæ адæммæ кæй хæсдзысты, Ирыстон сæрыстыр кæмæй уыдзæнис, ахæмтæ".

Битарты Вячеславы номæй зæрдæбын арфæтæ ракодта Ног азы тыххæй.

"Абон ацы гимназы ахуырдзаутæ æмæ педагогон коллектив сæмбырд сты, цæмæй кадджын уавæры сбæрæг кæной Ног азы æрбацыд. Мæ бон афтæ зæгъын у, æмæ гимназы ахуыргæнджыты къухы ис нæ сывæллæтты рæсугъд фидæн. Æнæниз ут, хъару æмæ быхсондзинадæй æххæст! Ахуырдзаутæн та мæ зæрдæ зæгъы æнтыстдзинæдтæ, зонындзинæдтæ. Алайнаг гимназ у республикæйы ахуырады ног фæрнæйдзаг къахдзæф æмæ зæрдæ дарæм, ардыгæй хорз ахуыргонд, хæрзæгъдау адæймæгтæ кæй рацæудзæн, уыдон ирон ныхас æмæ культурæ адæммæ кæй хæсдзысты, Ирыстон сæрыстыр кæмæй уыдзæнис, ахæмтæ", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый фæстæ та гимназы 40 хъомылгæнинаджы Тускъаты Таймуразы къухæй райстой диссаджы лæвæрттæ. Сабитæ бацæттæ кодтой бирæ рæсугъд æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ ирон æвзагыл, æмæ сæ арæхстдзинад равдыстой.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады пресс-службæ**

**Ног азы бæрæгбонмæ**

## Хæстон Намысы горæт Дзæуджыхъæуы цæрджытæн!



Нæ зынаргъ Дзæуджыхъæуы цæрджытæ!

Ног азы бæрæгбоны агъоммæ алкæддæр бахынцæм, цы аз фæивгъуыйы, уый бæрæггæнæнтæ. Февæрæм ног хæстæ фидæны азæн.

2017 аз нæ уарзон горæтæн, республикæйæн æмæ æгас бæстæйæн дæр уыд вазыгджын. Мах, нæ куыстуарзон адæм, иузæрдионæй архайдтам æмæ куыстам æмдыхæй, нæ удварны традицитæ хъуыды кæнгæйæ, нæ зæрдыл сæ даргæйæ.

Цыдæриддæр нæ къухы хорзæй бафтыд, уый уæ фæрцы, нæ уарзон æмæ зынаргъ адæм! Стыр бузныг уын, уе 'ппæтæн дæр, нæ уарзон горæты цæрджытæ!

Алчидæр уæ Ног азы рафæлдахдзæн къæлиндары сыф, фидæныл йæ зæрдæ даргæйæ. Уæ фæндтæ, уæ бæллицтæ сæххæст уæнт! Ног аз уын æрбахæссæд кæрæдзиæмбарындзинад, бинонты амонд, кæстæрты арæхдзинад, хистæрты буцдзинад, æнæниздзинад æмæ сывæллæтты худт! Куыстамонд æмæ æмбæлтты рæсугъд ахаст, æнæкæрон бирæ кæй уарзæм, уыцы сахары сыгъдæгдзинад æмæ цардамонд!

Уæ удрæбын цы бирæ рæсугъд хъуыдытæ ис, уыдон уын се 'ппæт дæр сæххæст уæнт! Уæ алкæй хæдзары дæр æрцæрæнт сабырдзинад æмæ уарзт!

Уадз æмæ бонæй-бонмæ дидинæг кала Хуры тынтæм нæ уарзон горæт Дзæуджыхъæу, нæ рæсугъд Ирыстон, нæ æнæкæрон Райгуырæн бæстæ — Уæрæсе!

Амонд æмæ фарн уæ алкæй хæдзары дæр!

Ног, 2018 азы хорзæх уæ уæд!

**ХÆДАРЦАТЫ Махарбег,
Дзæуджыхъæуы горæты Минæвæрртты æмбырды сæргълæууæг**

## Сенаторы арфæ



Зынаргъ хæлæрттæ!

Кæронмæ æрхæццæ 2017 аз. Ацы бонты нæ зæрдыл æрлæууы, азы дæргъы цы куыстытæ бакодтам, цы фæрныг хъуыддæгты архайдтам, цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд нæ къухы, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, азы дæргъы уыд тыхстаг фарстатæ æмæ зындзинæдтæ дæр, фæлæ, уыдон лыг кæнгæйæ, уыдоны сæрты ахизгæйæ, адæймаг хъомысджындæр æмæ фидардæр кæны.

Ног азы хорзæх уæ уæд, мæ зынаргъ æмзæххонтæ! Амондджын ут, æнæниздзинад æмæ æндæр хорздзинæдтæ уæ хай уæнт! Ног азы къæсæрыл алы адæймаг дæр раргом кæны йæ рæсугъддæр фæндтæ æмæ нысантæ. Æмæ Хуыцауы цæст бауарзæд, цæмæй уыцы фæндтæ сæххæст уой.

**ФАДЗАЙТЫ Арсен,
Уæрæсейы Федералон Æмбырды Федерацийы Советы уæнг**

**Нæ фидæн**

## Кæстæрты рæсугъд бæрæгбон

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты Культурæйы галуаны æнтыстджынæй ацыд æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы республикон конкурс-æркаст "Ирон дæн æз".**



ГÆБУТЫ Алан

Мадзал байгом кодтой æмæ йæ амыдтой Лалыты Хъазыбег æмæ Налдыхъуаты Зæлинæ. Конкурс-æркасты архайджытæ ерыс кодтой иронау æз хуыздæр азаронил, акафыныл, æмдзæвгæтæ аивдæр радзурыныл æмæ иронау хуыздæр нывæцæн ныффыссыныл дæр. Адæмы зæрдæмæ фæцыдысты, Дзæуджыхъæуы Мамсыраты Хаджийы номыл 42-æм скъолайы 10-æм къласы ахуырдзау Биджелты Алихан йæ нывæцæны мадæлон æвзаджы тыххæй цы ныхæстæ загъта, уыдон: "Ирон æвзаг куы нал уа, уæд мах дæр нал уыдзыстæм, уымæ гæсгæ не 'ппæт тыхтæй дæр хъуамæ архайæм йæ ахуыр кæныныл".

Мидисджын уыд, Æрыдоны фыццæгæм скъолайы ахуырдзау Гæбуты Алан йæ мыггаджы тыххæй цы æрмæг бацæттæ кодта, уый дæр. Алан адæмы размæ рахаста йæ мыггаджы бæласы схемæ, æмæ бæлвырд радзырдта, хистæртæй чи цы уыд, æмæ цæуыл хæст уыдис, уыдæттæ. Фæлæ Алан бафиппайдта: "Къостайы загъдау, дæ фыдæлтæ рухсаг, дæхædæг мын бæзз". Уымæ гæсгæ æз дæр архайдзынæн нæ мыггаджы къалиутæ фылдæр кæныныл".

Йæ мыггаджы равзæрды тыххæй бæлвырд радзырдта Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау Хъантеты Азæ-



ХЪАНТЕТЫ Азæмæт

мæт. "Æз сæрыстыр дæн Хъантетæй", — загъта уый. — Хъуамæ фæзмон нæ кадджындæр хистæрты, цæмæй Ирыстоны ном макуы фæчъизи кæнон".

Йæ мыггаджы тыххæй ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ загъта Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы ахуырдзау Гобеты Давид дæр. Уый фæстæ сценæмæ рахастой æртæ чъиригйы, æртæ фæрсчы, бæгæныйы кæхц, æмæ сæ Давид дыгуронау скуывта.

Дарддæр конкурс-æркасты архайджытæ дзырдтой, нæ фыдæлтæ ирон бæрæгбæттæ Джеоргуыба, Кæрдæгхæссæн, Уацилла, Майрæмтæ æмæ æндæртæ куыд кодтой, уыдæтты тыххæй. Нæ сæ ферох чындзхасты æмæ уыимæ баст ирон æгъдæуттæ, сиахсы цыд æмæ æндæрты фæдыл дæр радзурын. Хицæн кусæнгæрзты тыххæй та сæм рауад бинонтыг ныхас.

Сценæмæ кæсджыты зæрдæтæ се сфæлдыстадæй барухс кодтой республикæйы иумæйаг ахуырады скъолаты хихъæппæрисадон къордтæ. ("Чызджыты кафт" Гуыссауты Альбинæйы разамындæй зæрдæмæдзæугæ акодтой Алагиры 3-æм скъолайы ахуырдзаутæ, "Чепена"— 43-æм скъолайы лæппутæ æмæ чызджытæ, "Уалдзыгон зæлтæ" та акафыдысты Алагиры 1-æм скъолайы хихъæппæрисадон къорды уæнгтæ), нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Гæбуты Светланæ, РЦИ-Аланийы сгуыхт артисттæ Илурты Риммæ æмæ Тайсауты Олег, 42-æм скъолайы кафджыты ансамблы разамонæг Хъыргъаты Идæ, Кæрдзыны скъолайы рауагъдон Хотаты Зæлинæ.

Конкурс-æркасты бæрæггæнæнтæ бахыгътой жюрийы уæнгтæ РЦИ-Аланийы радиокомитеты бæрнон Газайты Зоя, республикæйы Сылгоймæгты советы сæрдары хæдивæг Такъæты Оля, ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы кусджытæ Куыдзойты Анжелæ, Безаты Фаризæт æмæ иннæтæ. Змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг Токты Валодя куыд фехъусын кодта, афтæмæй æртыккаг бынат бацахста Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы ахуырдзау **Гобеты Давид**. Къонверты йын лæвæрд æрцыд 7 мин сомы. Уыйбæрц æхцайы лæвар райста йæ ахуыргæнæг **Габеты Зæлинæ** дæр. Дыккаг бынатмæ рацыд Æрыдоны фыццæгæм скъолайы ахуырдзау **Гæбуты Алан**. Уый æмæ йæ ахуыргæнæг **Лохты Ритæйы** æхцайы лæвар та уыдис фæйнæ 10 мин сомы. Фыццаг бынат саккаг кодтой Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзау **Хъантеты Азæмæтæн**, йæ ахуыргæнæг у **Челдыты Тамарæ**. Дыууæйæн дæр лæвæрд æрцыд фæйнæ 15 мин сомы. Национ преми "Нарты фæткъуы"-йы премийы лауреат **Илаты Тимур** та йæхи конд хъисын фæндыр балæвар кодта Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы ахуырдзау, конкурс-æркасты архайæг **Биджелты Алиханæн**.

**ТОХСЫРТЫ Къоста
Къамтæ систа
КЪÆБЫСТЫ Харитон**

*Æдасдзинады мадзæлттæ*

## Пъæлицæйы уæлæмхасæн радгæс къордтæ

**Ног аз æмæ Цыппурсы бæрæгбæтты рæстæг Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы районты арæзт æрцæудзæн 1100 алыхуызон хиирхæфсæн æмæ фæлладуадзæн дзыллон мадзалæй фылдæр.**

Цæмæй бæрæгбæттæ æмбæлгæ фæткыл ацæуой æмæ алыхуызон æгъдаухæлдтытæн бынат ма уа, уыцы нысанимæ Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад бацæттæ кодта æдасдзинады уæлæмхасæн мадзæлтты пълан. Уый тыххæй Терроризмы ныхмæ архайды республикон къамис æмæ РЦИ-Аланийы Оперативон штабы иумæйаг æмбырды фехъусын кодта республикæйы Мидхъуыддæгты министрады Экстремизмы ныхмæ тохы центры хицау **Кочиты Эльбрус**.

— 30 декабрæй 2 январмæ, стæй 5 январæй 8 январмæ Мидхъуыддæгты министрады радгæс къордтæ кусдзысты службæйы карздæргонд фæткмæ гæсгæ. Уыцы бонты зынгæ фæфылдæр уыдзæн, æхсæнадон фæтк хъахъхъæныны мадзæлтты чи архайа, уыцы пъæлицæйæгты нымæц. Æрмæст Ног азы бæрæгбоны æхсæв сæ службæйы æмæ дзыллон мадзæлтты бынæтты уыдзысты Мидхъуыддæгты министрады, "Росгвардия" æмæ æндæр барадхъахъхъæнæг оргæнты 526 службæгæнæджы. Уыдонæн æххуыс кæндзысты хъазахъхъæгтæ æмæ адæмон дружинæты уæнгтæ. Дзыллон мадзæлттæ кæм нысангонд цæуынц, æппæт уыцы бынæттæ дæр рагагъоммæ бабæрæг кæндзысты кинологтæ, — радзырдта Кочиты Эльбрус.

Æмбырды куыд загъдæуыд, афтæмæй бæрæгбætты рæстæг дзыллон мадзæлтты архайдзысты 100 мин адæймагæй фылдæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Парламентæй**

## Кадастрон аргъ. Цæрæнуæтты кодексмæ ивддзинæдтæ

**"Хорз уаид, æмæ ацы ахсджиаг закъоны проектмæ бæстондæр куы æркæсиккам. Зындгонд куыд у, афтæмæй хицæн адæймæгты исбоныл хъалон кадастрон аргъмæ гæсгæ исын куы райдайой, уæд сыстдзæн тынг зынаргъ. Цæрджытæ йыл зынтæй æххæсдзысты, суанг дæс хатты фылдæр фæуыдзæн. Ныридæгæн дæр адæмы уыцы фарста сагъæсы æфтауы", — знон парламентон советы æмбырды, депутат ДОЙАТЫ Светланæ йæ куырдиат сæвæрдта Парламенты Сæрдар Алексей Мачневы раз.**

Йемæ сразы сты иннæ депутаттæ дæр, **Токаты Людмилæ** куыд бафиппайдта, афтæмæй кæд мыздтæ, пенситæм не 'фтауынц, уæд куыдæй ис хъалоны бæрц æваст афтæ фылдæр кæнын. Цæстдарæн-нымайæн палатæйы сæрдар **Хъæлыцты Инал** куыд загъта, афтæмæй Хъалонты кодекс æппæт регионтыл дæр хæс æвæры, цæмæй 2020 азы хицæн адæймæгты исбоны хъалон кадастрон аргъмæ гæсгæ нымад цæуа. Ацы ран ахсджиаг сты бынæттон хиуынаффæйады хицаудзинады гæнæнтæ, ома, уыцы домæнтæ æххæст кæнгæйæ дæр сæ бон у хъалон ныллæгдæргæнæг коэффициентæй пайда кæнын.

Уыцы хатдзæгтæм байхъусгæйæ, Алексей Мачнев бауынаффæ кодта, закъоны проектмæ бæстондæрæй æркæсыны охыл уæрæхгонд æмбырд скæнын. Уырдæм хъуамæ депутаттæ, юристтæй уæлдай хуынд æрцæуой бынæттон хицаудзинады минæвæрттæ дæр.

Бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдар **Баликъоты Валери** цы закъоны проектыл æрдзырдта, уыдонимæ ма уыдис "Уæрæсейы Федерацийы Бюджетон кодексы 137-æм статьямæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" федералон закъоны проект дæр. Уымæ гæсгæ хъуамæ бæстæйы социалон-экономикон рæзты рагагъоммæйы нысантæ мыхуыргонд цæуой субъектты æххæстгæнæг хицаудзинады официалон сайты.

Зындгонд куыд у, афтæмæй фæстаг рæстæг бирæ банктæ бахаудысты гаффуттæ. Уымæ гæсгæ Уæрæсейы Федерацийы Президент бахæс кодта, цæмæй фидаргонд æрцæуа сæрмагонд федералон закъон, æмæ, уый фæрцы, Уæрæсейы Банк райдайа гаффутт ма 'руадзыны мадзæлтты архайын. Ома, банктæ гаффутты ма бахауыны охыл сын хъуамæ Уæрæсейы Банчы фæрæзтæй æххуыс цæуа.

Ахсджиагыл банымайгæ сты, цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Бокоты Эльбрус** рæгъмæ цы закъоны проекттæ рахаста, уыдон дæр. Сæ иу — "Уæрæсейы Федерацийы Цæрæнуæтты кодексы статьятæм æмæ Уæрæсейы Федерацийы хицæн закъонæвæрынадон акттæм ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" федералон закъоны проект. Уымæ гæсгæ бирæуæладзыгон хæдзæртты иумæйаг исбонад фæдарыны тыххæй фиддонтæ хъуамæ хаст æрцæуой коммуналон лæггæдты фиддонтæм.

Ныры онг фæрæзтæдæттæг организацитæ сæ фæрæзтæ хæццæ кæнынц бирæуæладзыгон хæдзары арæнты онг, ацы коммуналон лæггад сæххæст кæныны æмæ йын фиддонтæ æрæмбырд кæныны хъуыддаг æвæрд ис разамынддæттæг организацийыл. Сусæггаг нæу, уыцы фиддонтæ 100 процентмæ никуы схæццæ сты, фæрæзтæдæттæг организацийы уый нæ тыхсын кæны, домынц, цæмæй сын æххæстæй фидой сæ фæрæзты тыххæй. Уыимæ, хæстæ æмбырд кæныны хъуыддаджы æппындæр нæ архайынц. Уавæр уымæ æрцæуы, æмæ разамынддæттæг организацитæ гаффутты бахауынц.

Ацы закъоны проект та аиуварс кæндзæн уыцы æнæрастдзинад, разамынддæттæг организацитæ æнаххосæй гаффутты кæй бахауынц, уый тынг зыны бирæуæладзыгон хæдзæрттæ дарыны хъуыддагыл. Закъоны проекты фæрцы хæдзæртты хицæуттæ ныр комкоммæ фиддзысты фæрæзтæдæттæг организацийæн коммуналон лæггæдты тыххæй. Уыцы хъуыддаджы разамынддæттæг организаци нал архайдзæн, æрмæстдæр дзуапп дæтдзæнис бирæуæладзыгон хæдзары иумæйаг исбон хуызæнæн уавæры дарыныл. Депутаттæ сразы сты ацы закъоны проектыл.

Советы æмбырды ма равзæрстой хъæууон хæдзарад, культурæ, ахуырад, спорт æмæ æндæр ахсджиаг къабазтимæ баст закъонæвæрынадон хъæппæристæ æмæ акттæ. Депутаттæ фæбæрæг кодтой, 2018 азы сæ куыст куыд, æмæ цавæр фарстатæй райдайдзысты, уыдæттæ.

**БУТАТЫ Эльзæ**

### Дзырды фарн

*Азы фæдыл уайы аз*
*Амонд æмæ хорзæхæн.*

*МЫРТАЗТЫ Барис*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **29 декабры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **5 — 10 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **7 — 9 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 9,04**

**Хурыскаст** — 7,28
**Хурныгуылд** — 16,32

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 57,05 ↓
**Евро** — 68,64 ↓

РÆСТДЗИНАД

№ 244 (24525) 2017 АЗЫ ЦЫППУРСЫ МÆЙЫ 29 БОН

**Акци**

# Туг радтой

Хæрзаудæн фонд ”Быть добру”, РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министрад æмæ Республикæйы тугдæттæн станцæйы иумæйаг хъæппæрисæй æндæрæбон тугдæттæн станцæйы арæзт æрцыд донорты акци. Архайдтой дзы 70 адæймаджы бæрц.



Туг чи лæвæрдта, уыдонæн сæ фылдæр уыдысты уæлдæр æмæ астæуккаг ахуыргæнæндætты студенттæ æмæ горæты цæрджытæ. Республикон статистикæмæ гæсгæ алы бон дæр нæ республикæйы донорты тугæй цух æййафынц 10 адæймаджы бæрц. Ног азы улæфæн рæстæг та, хъыгагæн, сæ нымæц алыхуызон аххосæгты тыххæй фæфылдæр вæййы.

Уымæ гæсгæ, цæмæй дохтырты куыст гыццыл фæрогдæр уа, уый тыххæй хæрзаудæн фонд "Быть добру"-йы бархионтæ ныр фондз азы дæргъы ацы акци саразынц дыууæ мæйы иу хатт.

Сæ къух куыд фæамоны, уымæ гæсгæ, акцийы цы донортæ фæархайы, уыдонæн скæнынц чысыл зæрдылдарæн лæвæрттæ. Ацы хатт та сын балæвар кодтой, фонды логотипимæ кружкæтæ.

"Иу къорд азы размæ, кæд ма йæ исчи хъуыды кæны, уæд иуæй-иу адæймæгтæ тынг архайдтой ууыл, цæмæй туг мачи дæтта. Дзырдтой, зæгъгæ, уый тæссаг у, туг чи радта, уый æнæниздзинадæн. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, раст не сты. Мах ныридæгæн фондз азы дæргъы дæттæм туг, æмæ нæ иу дæр йе 'нæниздзинадæй нæма схъæрзыдта", — загъта фонды разамонæг **Хъуысаты Амырхан**.

"Фыццаг хатт туг дæттынмæ куы цыдтæн, уæд мын мæ иу хион афтæ загъта, искæмæн, дам, туг раттын, Хуыцауы раз тæригъæд у. Фыццаг мæ йæ ныхæстæ бауырныдтой, æмæ туг раттын нал хъавыдтæн. Уæд ахъуыды кодтон, зæгъын, кæд, туг раттын тæригъæд у, уæд мæ туг кæй хъæуы, уый мæн тыххæй куы амæла, уæд тæригъæд нæ уыдзæн?.. Уыцы бонæй абоны онг дæн донор", — загъта фонды бархион, газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Касаты Аслæнбег**.

Дохтыртæ сæхæдæг куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ адæймаг туг хъуамæ дætта, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ йын уый фæрцы бæрæг кæнынц йе 'нæниздзинад. Дыккаджы та, адæймагæн тугдæттыны домæнтæм гæсгæ ацы процедурæ скæнын йæ бон куы уа, æмæ йæ куы скæна, уæд буарæн æнцондæр уыдзæн. Æртыккаджы та ма цы уа уымæй хуыздæр, æмæ дæ бон искæмæн баххуыс кæнын куы уа, уæд.

2017 азы Цæгат Ирыстоны туг чи радта, уыдоны бæрц, иннæ азтимæ абаргæйæ, дыууæ хаты фæфылдæр. Кæд 2016 азы туг раттой 881 адæймаджы, уæд ацы аз та — 1542. Уымæй уæлдай ма ацы аз нæ республикæйы кадджын донорты нымæц 35 адæймаджы фæфылдæр. Ацы акцийы фæрцы нæ республикæйы тугдæттæн станцæйы æвæрæнтæ фæхъæздыгдæр сты 30 литрæй.

**Хæрзаудæн фонд "Быть добру"-йы пресс-службæ**

**Автоинспекцийы ныхас**

## Фæдзæхсæм уæ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы зынаргъ цæрджытæ æмæ уазджытæ!

Фæндагыл ӕдасæй цæуыны паддзахадон инспекци уын арфæ кæны Ног азы фæдыл! Нæ бæстæйы бæрæгбæтты 'хсæн Ног аз рагæйдæр ахсы сæрмагонд бынат. Циндзинад хæсгæйæ, ацы бæрæгбон нын амонды ныфс дæтты. Дзæвгар рæстæг кæмæ фенхъæлмæ кæсынц, уыцы бæрæгбонимæ мах бæттæм нæ рæсугъддæр бæллицтæ.

Бæрæгбæтты рæстæг хистæр кары адæм æмæ сывæллæттæ дæр сæ фæллад уадзынц. Скъолайы каникулты афон уынджы бирæ рæстæг æрвитæг сывæллæтты хъæуы алыхуызон æвзæрдзинæдтæй бахизын.

Зынаргъ ныййарджытæ! Сывæллæтты цардыы æмæ æнæниздзинады тыххæй бæрнондзинад, фыццаджыдæр, сымахмæ кæй хауы, уый уæ рох ма уæд. Æрвылбон сывæллæттæн сæ зæрдыл лæууын кæнут фæндагыл цыды фæтк, æвæгæсгæй сæ ма уадзут. Уæ сæйраг хæс у фыдбылызæй сывæллæтты бахизын æмæ сын се 'дасдзинадæн фадæттæ аразын. Уæ цот æрхъæцмæ кæмæ нæ хъæцынц, уыцы бæрæгбæттæ хъуамæ ацæуой рæсугъдæй.

Автонспекци фæндагыл ӕдасæй цæуынæн фадæттæ кæд аразы, уæддæр ацы аз æрцыд дзæвгар фæндаггон-транспортон бæллæхтæ. Фæндагыл цæуæг адæмы ӕдасдзинад кæй бæрны ис, æрвылбон сæдæгай ахæм барадхъахъхъæнджытæ сæ службæйы хæстæ æххæст кæнынц. Ног азы æхсæв дæр Цæгат Ирыстоны автоинспекторты, сæ куысты хæстæ æххæст кæнгæйæ, фæндæгтыл ӕдасæй цæуынæн фадæттæ араздзысты. Автоинспекцийы кусджытæн сæ вазыгджын фæллойы тыххæй — бузныг. Фидар æнæниздзинад æмæ æнтыстдзинæдтæй хайджын ут!

Цæгат Ирыстоны зынаргъ адæм! Рагон æгъдаумæ гæсгæ нæ егъау бæстæйы цæрджытæ бæрæгбоныл сæмбæлдзысты сæ хиуæттæ æмæ хæстæджытимæ. Ног аз уын амонд, сабырдзинад æмæ фæрныгад æрхæссæд! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады Фæндагыл ӕдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы управлени**

**Профессионалон бæрæгбон**

# Тыхджын, фæразон, кæддæриддæр цæттæ

**27 декабры Уæрæсейы ирвæзынгæнджытæ бæрæг кодтой сæ профессионалон бæрæгбон. Ацы бон, 27 азы размæ, нæ бæстæйы сфидар кодтой ног структурæ. Уæдæй-абонмæ уæрæсейаг ирвæзынгæнджытæ сты, зын уавæры чи бахауы, уыцы адæмы фарсмæ. Ныртæккæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хайæдтæ ифтонг сты нырыккон техникæ æмæ кусæнгæрзтæй, ис сæм мобилон къордтæ дæр. Æцæг хъæздыг та сты адæмæй, сæ специалисттæй: тыхджын, фæразон, кæддæриддæр цæттæ цыфæнды уавæрты кусынмæ.**

Æрмæст ацы аз уæрæсейаг ирвæзынгæнджытæ, алыхуызон æнæнхъæлæджы уавæрты операциты æмæ зынгсирвæзтыты архайгæйæ, фервæзын кодтой 200 мин адæймаджы. Аиуварс кодтой 300 егъау æвирхъау хабары. Министрады психологты æххуыс та бахъуыд 1500 хатты.

Нæ республикæйы ирвæзынгæнджытæ сæ профессионалон бæрæгбон сбæрæг кодтой Дзæуджыхъæуы æфсæддон городок "Хольцман"-ы Офицерты хæдзары. Ардæм сæм æрбацыдысты æмæ сын арфæ ракодтой нæ республикæйы Ветеранты советы сæрдар **Къаболаты Солтан**, нæ республикæйы Тæрхонадон пъырыстыфты управленийы сæргълæууæг **Гæцойты Светланæ**, нæ республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**, Дзæуджыхъæуы æмæ Алайнаг епархийы **алчер Леонид**, æндæр ведомствоты æмæ минæвæрттæ разамонджытæ.

Бæрæгбоны мадзалы райдайæны ведомствойы цæгатирыстойнаг хайады разамонæг инæлар-майор **Александр Хоружий** арфæ ракодта хайады æппæт кусджытæн æмæ сæ иуæй-иуты схорзæхджын кодта майдантæ æмæ Кады гæххæттытæй.

"Чи зоны, æмæ кæмæдæрты ирвæзынгæнæджы куыст æнцон кæсы, фæлæ уый афтæ нæу. Ирвæзынгæнæг йæ уд йæ къухты хæссы, нæ йæ зоны, цы сахат кæм цы æрцæудзæн æмæ йæ цы уавæрты хъæудзæн кусын, уый. Уымæ гæсгæ ме 'мкусджытæн мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ амонд. Хуыцау сын уыцы арфæ ракæнæд, æмæ сæ дæсныйад къаддæрæй къаддæр куыд хъæуа", — загъта йæ раныхасы Александр Хоружий.

**Нæ уацхæссæг**

**Æдасдзинад**

# Профилактикон мадзæлттæ

Сыгъдхъæстæ газæй хи бахизæн куыд ис, Кольбусы уынджы бирæфатерон хæдзæртты цæрджытæн уый бамбарын кодтой.



— Сæрды нæ фондзуæладзыгон хæдзары вентиляцион тохынатæ ныссыгъдæг кодтой. Специалисттæм фæдзырдта нæ сыхаг сылгоймаг, уый цырддзастдзинады фæрцы ӕдасдзинады æппæт мадзæлттæ æххæстгонд æрцыдысты, — зæгъынц бынæттон цæрджытæ.

— Адæймаг цыфæндыйæдæр хъуамæ цырддзаст уа. Сыгъдхъæстæ газ арæх хонынц "гоби марæг". Ацы газæн нæдæр хуыз, нæдæр ад кæй нæй æмæ, цалынмæ нæ байрæджы уа, уæдмæ йæ адæймаг кæй нæ рахаты, йæ бæллæх уый у. Марæг миниуджытæ нæ фесафгæйæ, газ уайтагъд уæлдæфимæ сæмхæццæ вæййы. Сыгъдхъæстæ газ банымайæн ис тыхджын маргыл, — зæгъы УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг цæгатирыстойнаг управленийы Дзæуджыхъæуы цæстдарæн архайды хайады хистæр инспектор Дзгойты Олег.

Ацы газæй маргхъæстæ фæуæг адæймаджы сæр риссын æмæ зилын райдайы, йæ зæрдæ схæццæ вæййы. Ацы миниуджытæ рахатæг адæймаджы хæс у æвæстиатæй агъуыстæй гом уæлдæфмæ рацæуын.

— Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады кусджытæ нын кæй фехъусын кодтой, уыцы пайдайаг уынаффæтæ кæд æххæст кæнæм, уæд фыдбылызæй хызт уыдзыстæм, — зæгъы хæдзары цæрджытæй иу — Милдзыхты Барис.

Ахæм профилактикон мадзæлттæ æххæстгонд цæуынц нæ республикæйы æппæт районты.

**САНАХЪОТЫ Иринæ**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**
**Центральной избирательной комиссии Республики Северная Осетия-Алания**

от 27 декабря 2017 г. №44/387-6 г. Владикавказ

**О перечне региональных государственных и муниципальных организаций телерадиовещания, перечне региональных государственных и муниципальных периодических печатных изданий**

В соответствии с Постановлением Совета Федерации Федерального собрания Российской Федерации от 15 декабря 2017 года № 528-СФ "О назначении выборов Президента Российской Федерации" и во исполнение требований статьи 48 пункта 8 ФЗ "О выборах Президента Российской Федерации" и на основании сведений, представленных Управлением Роскомнадзора по Республике Северная Осетия — Алания, Центральная избирательная комиссия Республики Северная Осетия — Алания

**П О С Т А Н О В Л Я Е Т:**

1. Опубликовать в газетах "Северная Осетия" и "Рæстдзинад" перечень региональных государственных и муниципальных организаций телерадиовещания (приложение 1), перечень региональных государственных и муниципальных периодических печатных изданий (приложение 2),
2. Разместить перечень региональных государственных и муниципальных организаций телерадиовещания, перечень региональных государственных и муниципальных периодических печатных изданий на сайте Центральной избирательной комиссии Республики Северная Осетия — Алания О.П. Маркову.
3. Контроль за выполнением настоящего постановления возложить на Секретаря Центральной избирательной комиссии Республики Северная Осетия — Алания.

**Председатель**
**Центральной избирательной комиссии**
**Республики Северная Осетия — Алания** **Ж.Б. Моргоева**

**Секретарь**
**Центральной избирательной комиссии**
**Республики Северная Осетия — Алания** **О.П.Маркова**

Приложение 1
УТВЕРЖДЕН
постановлением
Центральной избирательной комиссии
Республики Северная Осетия-Алания

**Перечень республиканских, государственных и муниципальных организаций телерадиовещания**

| № | Наименование организации телерадиовещания или соответствующего подразделения организации телерадиовещания | Наименование средства массовой информации | Адрес местонахождения организации телерадиовещания или соответствующего подразделения организации телерадиовещания | Учредитель (учредители) организации телерадиовещания |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Филиал ФГУП "ВГТРК" Государственная телевизионная и радиовещательная компания "Алания" | Российский информационный канал "Россия 24" (Россия-24) | 362007 г. Владикавказ, ул. Осетинская горка, д. 2 РСО — Алания, | Правительство Российской Федерации |
| 2. | Филиал ФГУП "ВГТРК" Государственная телевизионная и радиовещательная компания "Алания" | "Вести ФМ" | 362007 г. Владикавказ, ул. Осетинская горка, д. 2 РСО — Алания, | Правительство Российской Федерации |
| 3. | Филиал ФГУП "ВГТРК" Государственная телевизионная и радиовещательная компания "Алания" | "Телеканал" "Россия" (Россия-1)" | 362007 г. Владикавказ, ул. Осетинская горка, д. 2 РСО — Алания | Правительство Российской Федерации |
| 4. | Филиал ФГУП "ВГТРК" Государственная телевизионная и радиовещательная компания "Алания" | "Радио России" | 362007 г. Владикавказ, ул. Осетинская горка, д. 2 РСО — Алания | Правительство Российской Федерации |
| 5. | ФГУП "ВГТРК" | "ФМ Алания" | 362007 г. Владикавказ, ул. Осетинская горка, д. 2 РСО — Алания | ФГУП "ВГТРК" |
| 6. | МУП "Ардонская муниципальная телерадиокомпания "Лира" | "Телепрограмма "Лира" | 363300, РСО-Алания, г. Ардон, ул. Советов, 6 | Администрация местного самоуправления Ардонского района |
| 7 | ГАУ РСО-А "Национальная телекомпания "Осетия-Ирыстон" | "Осетия-Иристон" | 362015, РСО-Алания, г.Владикавказ, пр-т Коста, д. 15, здание Б3,Б31 | Государственное автономное учреждение РСО-Алания "Национальная телекомпания "Осетия-Ирыстон" |

Приложение 2
УТВЕРЖДЕН
постановлением
Центральной избирательной комиссии
Республики Северная Осетия-Алания

**Перечень республиканских государственных периодических печатных изданий и муниципальных периодических печатных изданий**

| №/№ | Наименование периодического печатного издания | Номер свидетельства | Дата регистрации | Форма распространения | Адрес редакции | Периодичность | Территория распространения | Учредитель |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Вперед/Размæ | ПИ № 10-4906 | 21.01.2003 | печатное СМИ газета | РСО-Алания Кировский район с. Эльхотово ул. Кирова 219 "Б" | 3 раза в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация местного самоуправления Кировского района РСО — Алания |
| 2 | Вестник Беслана | ПИ № ТУ 15 — 00125 | 08.05.2015 | печатное СМИ газета | РСО-Алания, г. Беслан, ул. Мира, 10 "а" | 2 раза в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация МО Бесланское городское поселение |
| 3 | Владикавказ | ПИ № 10 — 4734 | 29.05.2002 | печатное СМИ газета | г. Владикавказ, ул. Тамаева, д. 30 | до 6 номеров в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | АМС г. Владикавказа (362040, РСО — Алания, г. Владикавказ, пл. Штыба, д.2) |
| 4 | Время, события, документы | ПИ № ФС 10-6346 | 16.10.2006 | печатное СМИ газета | 363750, РСО — Алания, г. Моздок, ул. Шаумяна, д. 110 | 1 раз в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация Моздокского районного муниципального образования (363750, г. Моздок, ул. Кирова, д. 37) |
| 5 | Дарьял | ПИ № ТУ 15 — 00144 | 22.05.2017 | печатное СМИ журнал | 362040, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Маркуса, д. 1 | 1 раз в 2 месяца | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 6 | Дигорæ | ПИ № ТУ 15 — 00141 | 14.04.2017 | печатное СМИ газета | 362015, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, д. 11 | 3 раза в месяц | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 7 | Дигори хабæрттæ | ПИ № ТУ 15 — 00062 | 28.03.2012 | печатное СМИ газета | 363410,Республика Северная Осетия-Алания, г. Дигора, ул. Ленина, 134 | 3 номера в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация Дигорского района Республики Северная Осетия-Алания (363410, РСО-Алания, г. Дигора, ул. Сталина, д. 19) |
| 8 | Жизнь Правобережья | ПИ № ФС 15-6980 Р | 24.04.2008 | печатное СМИ газета | 363020, РСО-Алания, г. Беслан, ул. Плиева, д. 16 | 3 раза в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация местного управления Правобережного р-на (363020, РСО-Алания, г. Беслан, ул. Плиева, д. 18) |
| 9 | Ирæф | ПИ № ТУ 15 — 00147 | 30.05.2017 | печатное СМИ журнал | 362040,Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пер. Соляный, 9 | 1 раз в 3 месяца | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 10 | Ирæф. | ПИ № ТУ 15 — 00129 | 14.08.2015 | печатное СМИ газета | 363500, РСО-Алания, с.Чикола. ул.А.Макоева, д. 33 | 3 раза в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | АДМИНИСТРАЦИЯ МЕСТНОГО САМОУПРАВЛЕНИЯ ИРАФСКОГО РАЙОНА РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ (363500, РСО — Алания, Ирафский р-н, с. Чикола, ул. А. Макоева, д.18) |
| 11 | Мах дуг | ПИ № ТУ 15 — 00148 | 09.06.2017 | печатное СМИ журнал | 362015,Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11 | 1 номер в месяц | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 12 | Моздокский вестник | ПИ № 10-4934 | 11.02.2003 | печатное СМИ газета | 363700, Республика Северная Осетия-Алания, город Моздок, ул. Шаумяна 110 | 3 раза в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация Моздокского районного муниципального образования (363750, г. Моздок, ул. Кирова, д. 37) |
| 13 | Ногдзау | ПИ № ТУ 15 — 00149 | 09.06.2017 | печатное СМИ журнал | 362040,Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Мира, 25 | 1 раз в 2 месяца | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 14 | Рæстдзинад | ПИ № ТУ 15 — 00063 | 30.03.2012 | печатное СМИ газета | 362015,Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, Дом печати | 5 номеров в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Правительство Республики Северная Осетия-Алания (362038, РСО-Алания, г. Владикавказ, пл. Свободы, д. 1); Парламент Республики Северная Осетия-Алания (362038, , г. Владикавказ, пл. Свободы, д. 1); ГБУ "Редакция газеты "Растдзинад" (362015, РСО — Алания, г. Владикавказ, пр-кт Коста, 11) |
| 15 | Рухс (Свет) | ПИ № ТУ 15 — 00073 | 18.06.2012 | печатное СМИ газета | 363330,Республика Северная Осетия-Алания, г. Ардон, ул. Советов, д.13 | 2 номера в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация местного самоуправления Ардонского района (363300, Республика Северная Осетия-Алания, г. Ардон, ул. Советов, д. 6) |
| 16 | Сæуæхсид /Заря | ПИ № ТУ 15 — 00080 | 15.11.2012 | печатное СМИ газета | 363240, Республика Северная Осетия-Алания, г. Алагир, ул. Сталина, 72 | 3 номера в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Администрация местного самоуправления Алагирского района (363240, РСО — Алания, Алагирский р-н, г. Алагир, ул. Кодоева, д.45, ) |
| 17 | Северная Осетия | ПИ № ФС 10 — 6708 | 24.08.2007 | печатное СМИ газета | 362008, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, Дом печати | 5 номеров в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Парламент Республики Северная Осетия-Алания (362038, , г. Владикавказ, пл. Свободы, д. 1) |
| 18 | Слово | ПИ № ТУ 15 — 00145 | 30.05.2017 | печатное СМИ газета | 362015, Республика Северная Осетия — Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, д. 11 | 5 раз в неделю | Республика Северная Осетия — Алания | Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания (362003, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Гагарина, д. 30) |
| 19 | Фидиуæг (Глаштай) | ПИ № ТУ 15 — 00074 | 21.06.2012 | печатное СМИ газета | 363100, Республика Северная Осетия— Алания, Пригородный район, с. Камбилеевское, ул. Ю. Кучиева, 4 | 3 номера в неделю | г.Владикавказ, Пригородный район (Республика Северная Осетия — Алания) | Администрация местного самоуправления муниципального образования — Пригородный район Республики Северная Осетия — Алания (363131, РСО — Алания, Пригородный р-н, с. Октябрьское, ул. Тедеева, д.129) |

## 1 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00 "Новый год на Первом" (16+)
07.00 "Три аккорда". Новогодний выпуск (16+)
07.55 "Новогодний календарь"
10.00, 12.00, 15.00 Новости
10.15, 12.15 Х/ф "Служебный роман"
13.10, 15.15 "Главный новогодний концерт"
15.50 Х/ф "Кавказская пленница, или новые приключения Шурика"
17.10 Х/ф "Иван Васильевич меняет профессию"
18.40 "Клуб Веселых и Находчивых". Высшая лига. Финал (16+)
21.00 "Время", Специальный выпуск. 50 лет в эфире
21.30 Церемония вручения народной премии "Золотой граммофон" (16+)
00.00 Х/ф "Великолепная семерка"
02.00 Х/ф "Ночь в музее"
03.45 Х/ф "Обезьяньи проделки"
05.20 "Россия от края до края"

### РОССИЯ-1
05.45 Х/ф "Доярка из Хацапетовки"
08.55 Х/ф "Ирония судьбы, или с лæгким паром!"
12. 25 Х/ф "Джентльмены удачи"
14.00, 20,00 Вести
14. 20 "Песня года"
16.20 Х/ф "Бриллиантовая рука"
18.05 "Юмор года" (16+)
20.30 Х/ф "Последний богатырь"
22.35 Х/ф "Притяжение"
00.45 "Моно". Концерт Ирины Аллегровой
02.50 "Новогодние сваты"

### ГТРК “АЛАНИЯ”
Вещания нет

### НТВ
05.25 Новый год на НТВ "The Best" - "Лучшее" (12+)
06.35 Х/ф "Со мною вот что происходит"
08.05 Х/ф "Пансионат "Сказка", или чудеса включены"
12.00 "У нас выигрывают!" (12+)
13.00 Х/ф "Жизнь впереди"
14.50 Х/ф "Самый лучший день"
16.55 Х/ф "Приходи на меня посмотреть"
19.00 "Сегодня"
19.20, 21.10 Т/с "Пес"
20.00 "Новогодний миллиард"
00.40 "Все звезды в Новый год" (12+)
02.35 Т/с "Бальзаковский возраст, или все мужики - сво..."

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф "Новогодняя ночь". "Новогоднее путешествие". "Когда зажигаются елки", "Снеговик-почтовик". "Приезжайте в гости". "Мама для мамонтенка". "Дед Мороз и серый волк". "Чудо-мельница". "Золотое перышко". "Пес в сапогах". "По щучьему велению". "Волшебное кольцо". "Летучий корабль"
09.00 "Большая разница" Лучшее (16+)
18.35 Х/ф "ЛЮБОВЬ-МОРКОВЬ"
20.45 Х/ф "ЛЮБОВЬ-МОРКОВЬ-2"
22.40 Х/ф "ЛЮБОВЬ-МОРКОВЬ-3"
00.30 Концерт, "Звезды "Дорожного радио" (12+)
03.05 М/ф "Остров сокровищ"

### КУЛЬТУРА
06.30, 16.45 Х/ф "ЧАРОДЕИ"
09.10 М/ф "Новогоднее приключение", "Шалтай-Болтай", "Большой секрет для маленькой компании"
10.00 Х/ф "ТАЙНА СНЕЖНОЙ КОРОЛЕВЫ (СКАЗКА ПРО СКАЗКУ)"
12.20 Д/ф "История обезьяны по имени Капель"
13.15 "Мировая премьера". Новогодний концерт Венского филармонического оркестра-2018
15.50 "Цирк Юрия Никулина"
19,20 "Романтика романса" Гала-концерт
21.45 Х/ф "ИЩИТЕ ЖЕНЩИНУ"
00.15 "Новогодний концерт Венского филармонического оркестра-2018"
02.45 М/ф "Обратная сторона луны"

### МАТЧ-ТВ
06.30 Профессиональный бокс. Бой за титул временного чемпиона мира по версии
WB0 в легчайшем весе (16+)
07.40 Х/ф "БОКСÆР"
10.20 "Настроение победы" (12+)
10.40 Хоккей, Чемпионат мира среди молодежных команд. Россия - Швеция
12.55, 04.10 Лыжный спорт. "Тур де Ски" Гонка преследования.
Женщины. 10 км
13.35 Все на Матч! Прямой эфир
14.35 "Сергей Устюгов. Вершина одна на всех" (12+)
14.55, 04.55 Лыжный спорт. "Тур де Ски" Гонка преследования. Мужчины. 15 км
15.45 Смешанные единоборства. UFC (16+)
17.55 Футбол. Чемпионат Англии. "Бернли" - "Ливерпуль"
19.55 "Футбольный год. 2017" (12+)
20.25 Футбол. Чемпионат Англии. "Эвертон"-"Манчестер Юнайтед"
22.25 Х/ф "САМОВОЛКА"
00.15 Х/ф "МЫ - ОДНА КОМАНДА"
02.25 Футбол. Чемпионат Англии. "Лестер" - "Хаддерсфилд"
05.50 Смешанные единоборства. Девушки в ММА (16+)

### ТВЦ-КЛАССИКА
05.45 М/ф 06.50 Х/ф "НОВОГОДНИЙ ДЕТЕКТИВ"
08.50 Х/ф "ПЛОХАЯ ДОЧЬ"
12.35 Х/ф "ПУТЬ СКВОЗЬ СНЕГА"
14.30 "События"
14.45 "Новогодние истории". Юмористический концерт (12+)
15.50 Х/ф "ГРАФ МОНТЕКРИСТО"
19.25 Новогоднее кино. "АРТИСТКА"(12+)
21.25 "Приют комедиантов" (12+)
23.15 "Юрий Стоянов, Поздно не бывает" (12+)
00.25 Х/ф "МОЖЕТЕ ЗВАТЬ МЕНЯ ПАПОЙ"
02.10 Х/ф "ФАНТОМАС РАЗБУШЕВАЛСЯ"
03.45 Х/ф "ФАНТОМАС ПРОТИВ СКОТЛАНД-ЯРДА"
05.25 "Хроники московского быта. Исцели себя сам" (12+)

### ДОМАШНИЙ-ВИЗАВИ
06.30 "Домашняя кухня" (16+)
07.30, 18.00, 00.00, 04.30 "6 кадров" (16+).
08.15 Х/ф "ЗИТА И ГИТА"
10.45 "ЗАКОЛДОВАННАЯ ЭЛЛА" (16+)
12.35 Х/ф "ТАРИФ НА ЛЮБОВЬ"
14.15 Х/ф "КОЛЬЕ ДЛЯ СНЕЖНОЙ БАБЫ"
16.00 Х/ф "НОВОГОДНИЙ ПАПА"
19.00 Х/ф "КЛЯНУСЬ ЛЮБИТЬ ТЕБЯ ВЕЧНО"
23.00, 03.30 Д/ф "Предсказания: 2018"
00.30 Х/ф "КАРНАВАЛ"
05.30 "Жить вкусно с Джейми Оливером" (16+)

### РЕН-ТВ
05.00 Музыкальный марафон "Легенды Ретро FM" (16+)
14.00 Х/ф "АЛЕША ПОПОВИЧ И ТУГАРИН ЗМЕЙ"
15.30 Х/ф "ДОБРЫНЯ НИКИТИЧ И ЗМЕЙ ГОРЫНЫЧ"
16.50 Х/ф "ИЛЬЯ МУРОМЕЦ И СОЛОВЕЙ-РАЗБОЙНИК"
18.20 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ И ШАМАХАНСКАЯ ЦАРИЦА"
19.45 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ НА ДАЛЬНИХ БЕРЕГАХ"
21.00 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ: ХОД КОНЕМ"
22.30 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ И МОРСКОЙ ЦАРЬ"
00.00 Х/ф "КАРЛИК НОС"
01.30 "Самые шокирующие гипотезы" (16+)

### СТС
06.00 М/с "Смешарики"
06.40 Х/ф "СЕКРЕТНАЯ СЛУЖБА САНТА-КЛАУСА"
08.30 М/с "Том и Джерри"
09.00 "Шоу "Уральских пельменей" (16+)
10.00 Новый год, дети и все-все-все!" (16+)
13.55 "ПЭН. ПУТЕШЕСТВИЕ В НЕТЛАНДИЮ" (6+)
16.00 "Шоу "Уральских пельменей. Мандарины, вперед!" (16+)
17.30 Х/ф "БАЛЕРИНА"
19.15 Х/ф "ШРЭК"
21.00 "ГАРРИ ПОТТЕР И ФИЛОСОФСКИЙ КАМЕНЬ" (12+)
23.55 Х/ф "НОВОГОДНИЙ КОРПОРАТИВ"
02.00 Х/ф "ШОКОЛАД"
04.20 Х/ф "НОВОГОДНИЙ ПАССАЖИР"

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30,
06.00, 06.30 "ТНТ. Best" (16+)
09.00 "Дом-2. Lite" (16+)
10.00, 23.00 "Дом-2. Остров любви" (16+).
11,00, 12.30, 14.00, 15.30, 17.00, 18.30, 19.00,
19.30,20.00,21.30 "Битва экстрасенсов" (16+)
00.00 "Дом-2. После заката" (16+)
01.00 "Такое кино!" (16+)
01.30 "ТНТ MUSIC" (16+)
02.00, 03.00 "Stand up" (16+)
04.00, 05.00 "Comedy Woman" (16+)

## 2 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10, 11.45 "Ералаш"
06.35 Х/ф "САДКО"
08.10 Х/ф "МЛЕЧНЫЙ ПУТЬ" (16+)
10.15 Х/ф "МОРОЗКО" (0+)
12.15 Х/ф "ОДИН ДОМА"
14.10 Х/ф "ОДИН ДОМА-2"
16.25 "МаксимМаксим". Новогодний выпуск (16+)
18.00 Вечерние новости
18.15 "Кто хочет стать миллионером?"
19.50 "Поле чудес"
21.00 "Время"
21.20 Х/ф "АВАТАР"
00.15 Х/ф "ШЕРЛОК ХОЛМС: ЗНАК ТРЕХ" (16+)
02.00 Х/ф "НОЧЬ В МУЗЕЕ-2" (16+)
03.55 Х/ф "ПРОГУЛКА В ОБЛАКАХ" (16+)

### РОССИЯ-1
05.05 "Городок". Лучшее
06.05 Т/с "ДОЯРКА ИЗ ХАЦАПЕТОВКИ. ВЫЗОВ СУДЬБЕ" (16+)
09.00, 11.10 Т/с "СЕРДЦЕ НЕ КАМЕНЬ" (16+)
11.00, 20.00 Вести
12.50 "Песня года"
15.50 Т/с "ЛИКВИДАЦИЯ" (16+)
17.40 Х/ф "ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ" (16+)
20.40 Вести. Местное время (16+)
20.55 Т/с "СОЛНЦЕ В ПОДАРОК" (12+)
01.15 Т/с "БРАТЬЯ ПО ОБМЕНУ-2"
03.45 Т/с "НАСЛЕДИЕ" (16+)

### ГТРК “АЛАНИЯ”
**«Алания» - канал «Россия 1»**
20.40 Местное время. Вести-Алания
20.55 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
19.00 Фарны хабæрттæ
19.50 Объявления
20.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.15 "Малая земля" (16+)
06.10 Х/ф "ЗАХОДИ -НЕ БОЙСЯ, ВЫХОДИ - НЕ ПЛАЧЬ..." (16+)
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 "Сегодня" (16+)
08.15, 10.20 Т/с "ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА" (16+)
11.55 "Ты супер! Танцы" (6+)
14.25 Х/ф "СИРОТА КАЗАНСКАЯ" (16+)
16.20 Т/с "СОСЕДИ" (16+)
19.20 Т/с "ПЕС" (12+)
22.22 "Высшая лига-2017". Музыкальная премия (12+)
00.50 Х/ф "ВЕТЕР СЕВЕРНЫЙ" (16+)
02.50 Т/с "БАЛЬЗАКОВСКИЙ ВОЗРАСТ, ИЛИ ВСЕ МУЖИКИ - СВО..."

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 М/ф
09.00 "Известия"
09.10 Д/ф "Воспитание по-советски" (16+)
10.00 Д/ф "Общежитие по-советски" (16+)
10.55 Д/ф "Культпросвет по-советски" (16+)
11.40 Д/ф "Заграница по-советски" (16+)
12.30 Д/ф "Любовь" (16+)
13.20 Д/Ф "Эстрада по-советски" (16+)
14.10 д/ф "Рок-н-ролл по-советски" (16+)
15.00 Д/ф "Выпить по-советски" (16+)
15.55 Д/ф "Мое советское телевидение" (16+)
16.50 Х/ф "БУДЬТЕ МОИМ МУЖЕМ" (12+)
18.30 Х/ф "ПЕС БАРБОС И НЕОБЫЧНЫЙ КРОСС"
18.45 Х/ф "САМОГОНЩИКИ"
19.05 Х/ф "ШИРЛИ-МЫРЛИ" (16+)
21.50 Х/ф "ГДЕ НАХОДИТСЯ НОФЕЛЕТ?" (16+)
23.20 Х/ф "СНЕЖНЫЙ АНГЕЛ" (16+)
01.30 "Большая разница" ЛУЧШЕЕ (16+)

### КУЛЬТУРА
06.30 Х/ф "ИЩИТЕ ЖЕНЩИНУ" (16+)
07.50 "Обыкновенный концерт с Эдуардом Эфировым" (16+)
08.25, 22.30 Х/ф "АББАТСТВО ДАУНТОН" (16+)
09.15 М/ф "Лоскутик и Облако". "Телевизор кота Леопольда" (0+)
10.20 Д/с "Наше кино. Чужие берега" (16+)
11.00, 01.05 Х/ф "ЛЮДИ И МАНЕКЕНЫ" (16+)
12.20, 00.15 "Острова" (16+)
13.10 Кубанский казачий хор в концерте "Казаки Российской империи"
14.25 100 лет со дня рождения режиссера. "Формула театра Андрея
Гончарова" (16+)
15.00 Т/ф "СТАРОМОДНАЯ КОМЕДИЯ" (16+)
16.35 "Искатели". "Тайна Строгановских миллионов"
17.20, 02.25 Д/ф "Запечатлæнное время... Кремлевские елки"
17.50 "Московской оперетте" - 90!
19.40 Х/ф "ОБЫКНОВЕННОЕ ЧУДО" (16+)
22.00 Д/с "Сцены из жизни. Ирина Пегова" (16+)
23.20 Д/ф "Агнета. АББА и после" (16+)

### МАТЧ-ТВ
06.30 Профессиональный бокс. Бой за титул чемпиона мира по версии WBA в полутяжелом весе (16+)
08.35 Х/ф "В СПОРТЕ ТОЛЬКО ДЕВУШКИ"
10.15 Х/ф "УЛИЧНЫЙ БОЕЦ"
12.00 "Сильное шоу" (16+)
12.30 Профессиональный бокс. Лица года (16+)
13.55 Х/ф "НЕВАЛЯШКА"
15.35 Смешанные единоборства. Лица года (16+)
17.00 Х/ф "СПАРТА"
18.35 ММА. Сделано в России. - Лучшие бои (16+)
19.50 Новости
20.00, 02.00, 04.25 Хоккей! Чемпионат мира среди молодежных команд. 1/4
финала
22.25 "Футбольный год. Англия-2017" (12+)
22.55 Футбол. Чемпионат Англии. "Манчестер Сити" - "Уотфорд"

### ДОМАШНИЙ-ВИЗАВИ
06.30 "Домашняя кухня" (16+)
07.30, 23.50, 04.55 "6 кадров" (16+).
08.45 "ЗОЛУШКА" (16+)
12.55 Х/ф "ДЖЕЙН ЭЙР"
18.00, 22.50, 03.55 Д/ф "Предсказания: 2018"
19.00 Х/ф "ДВЕ ЖЕНЫ" (16+)
00.30 "ЗАКОЛДОВАННАЯ ЭЛЛА" (16+)
02.20 Х/ф "ТАРИФ НА ЛЮБОВЬ" (16+)
05.30 "Жить вкусно с Джейми Оливером" (16+)

### ТВЦ-КЛАССИКА
06.05 Х/ф "ОТДАМ КОТЯТ В ХОРОШИЕ РУКИ" (16+)
08.00 "Естественный отбор" (16+)
08.50 Х/ф "ФАНТОМАС" (16+)
10.55 Д/ф "Советские секс-символы: короткий век"
11.45 Х/ф "НЕ МОЖЕТ БЫТЬ!"
13.35 "Мой герой. Нани Врегвадзе" (12+)
14.30 События (16+)
14.45 "Юмор зимнего периода" (12+)
15.55 Х/ф "ЧИСТО МОСКОВСКИЕ УБИЙСТВА" (16+)
17.40 Х/ф "КОММУНАЛКА" (16+)
21.35 Новогоднее кино. "МУЖЧИНА В МОЕЙ ГОЛОВЕ" (16+)
23.55 Д/ф "Юрий Гальцев. Обалдеть!" (16+)
01.00 Х/ф "ЛЮБОПЫТНАЯ ВАРВАРА-3" (16+)
02.35 Х/ф "ТРИ СЧАСТЛИВЫХ ЖЕНЩИНЫ" (16+)
05.30 "Хроники московского быта. Съедобная утопия" (12+)

### РЕН-ТВ
05.00 "Самые шокирующие гипотезы" (16+)
08.15 Х/ф "УРФИН ДЖЮС И ЕГО ДЕРЕВЯННЫЕ СОЛДАТЫ"
10.00 Х/ф "ИВАН ЦАРЕВИЧ И СЕРЫЙ ВОЛК"
11.30 Х/ф "ИВАН ЦАРЕВИЧ И СЕРЫЙ ВОЛК-2"
12.50 Х/ф "ИВАН ЦАРЕВИЧ И СЕРЫЙ ВОЛК-3"
14.20 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ И ШАМАХАНСКАЯ ЦАРИЦА"
15.45 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ НА ДАЛЬНИХ БЕРЕГАХ"
17.10 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ: ХОД КОНЕМ"
18.30 Х/ф "ТРИ БОГАТЫРЯ И МОРСКОЙ ЦАРЬ"
20.00 Х/ф "АЛЕША ПОПОВИЧ И ТУГАРИН ЗМЕЙ"
21.20 Х/ф "ДОБРЫНЯ НИКИТИЧ И ЗМЕЙ ГОРЫНЫЧ"
22.40 Х/ф "ИЛЬЯ МУРОМЕЦ И СОЛОВЕЙ-РАЗБОЙНИК"
00.10 Х/ф "КАК ПОЙМАТЬ ПЕРО ЖАР-ПТИЦЫ"
01.30 "Тайны Чапман" (16+)

### СТС
06.00 М/с "Смешарики"
06.30 М/с "Новаторы"
06.45 Х/ф "НОРМ И НЕСОКРУШИМЫЕ" (16+)
08.30 М/с "Том и Джерри" (0+)
09.15 "ПЭН. ПУТЕШЕСТВИЕ В НЕТЛАНДИЮ" (6+)
11.20 Х/ф "БАЛЕРИНА"
13.05 "ГАРРИ ПОТТЕР И ФИЛОСОФСКИЙ КАМЕНЬ" (12+)
16.00 "Шоу "Уральских пельменей" (16+)
17.25 Х/ф "ШРЭК"
19.10 Х/ф "ШРЭК-2"
21.00 "ГАРРИ ПОТТЕР И ТАЙНАЯ КОМНАТА" (12+)
00.10 Х/ф "ЗДРАВСТВУЙТЕ, МЕНЯ ЗОВУТ ДОРИС" (16+)
01.55 Х/ф "ДИКТАТОР" (16+)
03.25 Х/ф "ШОКОЛАД" (16+)
05.45 "Музыка на СТС" (16+)

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30,
06. 00, 06.30 "ТНТ. Best" (16+)
09.00, 10.00, 23.00, 00.00 "Дом-2" (16+)
